



*Observeatwa Pou Egalite*

# 22 Bis , Ri Frè uni Uni Chapantye Okay/Ayiti

obsevatwapouegaliteope@gmail.com

Tel : +509 36644809

KATASTWOF LA, SE LETA PLIS ONG.



Vijilans kont Katastwòf Tout Plimay 10 mwa apwè, viktim yo kontinye nan mizè  
Se mèt kò ki pou veye kò

Sid/Ayiti

## A) PREZANTASYON OBSÈVATWA POU EGALITE (O P E)

Obsèvatwa Pou Egalite (OPE)

Tel. +509 36644809

Email : obsevatwapouegaliteope@gmail.com

Facebook/Youtube : Obsèvatwa Pou Egalite

Lokal : # 20, Ri, Tousen Louveti, Gwo Gabyon, Okay/Ayiti

Kreye : oktòb 2017.

O P E, se òganizasyon k ap fè pwomosyon dwa moun, denonse tout fòm, vyalans ak enjistis k ap fwape moun yo. Li se yon òganizasyon nan bi non likratif.

Li poze pwblematik sou respè dwa moun nan jeneral. Ak pi patikilye sou dwa fanm, timoun, LGBT.

N ap chache ekilib sosyal nan mitan sosyete a.

Obsèvatwa Pou Egalite

(O P E)

Avwil 2022

## **Sijè :**

1. 10 mwa apwè, nou pa ta ka imajine Sid la toujou nan pasaj, kote popilasyon an pako ka soti nan kriz. Ki koz, èske se leta, ONG yo ki pa fè travay yo ? Epi ki sa sosyete a dwe fè pou ede viktim yo jwenn lavi miyò?



A) ENSTRIMAN LEGAL ITILIZE;

- Konstitisyon 1987 Ayisyen, chapit 2, paragraf 1, nimewo 19 ak 22
- Pwojè Atik sou dwa moun nan kataswòf natirèl, Atik 1 ak 2, tèks adopte pa komisyon dwa entènasyonal nan Nasyon Zini nan lane 2016.

B) ENSTANS NOU RANKONTRE

- a) Viktim twanbleman tè nan kan yo, nan lari, nan kay fisire ak sou bèj rivye, bè lanmè.
- b) Direktè Pwoteksyon Sivil Sid,Silverra Guillaume. Manm Biwo Pwoteksyon Sivil Potapiman, Séide Aguilnaire. 16 Meri kominal sou 20 ki nan depatman sid la. Kowòdonatè òganizasyon dwa zimen UFADECH la, Belas Jean Benissel.
- c) Sansè lekòl Lise Filip Gèye Okay, Jean Verra Charles.
- h) Jounalis radyo/medya anliy : VPS, Planet Fm, Makaya, Ozanana, TMS, Limyè, Kay Enfo, RAE.
- I) Elèv lekòl : Pwofesè reyini, CEM

## 1) ENTWODIKSYON:

### 1-1) Anviwonman Depatman Sid

Sid la, se 3 zyèm pwovens nan Ayiti, li gen anviwon 1 milyon moun. Li sitiye a anviwon 200 kilomèt de Pòtopwens kapital peyi a. Li antouwe pwèske nèt ak lanmè. Li konpoze plèn, plato ak montay. Li gen 20 komin, 5 awondisman. Komin Okay se pwemye vil Sid la. Konsa depatman sid la, li viktим anpil fwa lè dezas natirèl yo rive, tankou : Twanbleman tè, siklòn. Answit, li viktим de move politik k ap fèt nan peyi a ki lakoz l ap anvelope chak jou pi plis ak ki fè pi fò pèp la ap soufwi.

Twanbleman tè, 14 dawou 2021, ki pase nan gwan Sid/Ayiti, li te nan echèl 7,2 maw. Ak nan pwofondè 10 kilomèt nan tè a. 10 mwa apwè, nou pa ta ka imajine Sid la toujou nan pasaj, kote popilasyon an pakoka soti nan kriz. Ki koz, èske se leta, ONG yo ki pa fè travay yo. Epi ki sa soyete a dwe fè pou ede viktим yo jwenn lavi miyò?

### 2) DEVLOPMAN :

#### A) Sitiyasyon viktим nan kan ak deplase yo.

Oum! bagay yo konplèks pou jan O P E ap swiv reyalite a, Bilan dega yo nan Sid ki pa sispann bay lapenn nan kè.

Depatman Sid la, anrejistwe : 2022 mò anviwon, 17447 blese, 80 mil fanmiy sinistre, 32301 kay kraze, 97232 kay fisire. Plizyè milye bète ak jaden disparèt. Kèk kilomèt wout andomaje. 2 o 3 pon kraze. Katastwòf sa, bay nesans anenpòt 200 kan osinon abwi pwovizwa. Enfòmasyon sa, soti apati dokiman O P E pibliye nan 23 me 2022, nan paj 7 dokiman an, sou travay ankèt li te mennen sou anplè dega catastwòf nan 18 komin nan sid la. Jis kounye a, otorite yo, kontinye fè silans sou chif bilan pa yo.

Jan sitiyasyon an evolye, 10 mwa apwè catastwòf la, se tankou nou te nan pwemye moman faz ijans yo, si tèlman viktим yo toujou ap soufwi nan mizè, ni sila yo ki toujou nan kan yo, ak, sila yo fòse deplase san mwayen ki te ka ede yo sòti. Kote yo retounen nan menm espas kay avan yo, ki detwi, fisire, ki make anwouj yo. Oubyen yo mete tonèl, sou bèj rivyè yo, bò lanmè, nan mangòv, anba galri nan lari yo, pou nou site sa senpleman. Li enpòtan pou nou wè ak konpwann sa ki genyen an pi byen:

## Sitiyasyon Viktim yo 10 mwa apwè katastwòf 14 dawou 2021



Moun ki nan kan yo gen pwoblèm: manje, swen sante, pitit yo pa antre lekòl pou ane 2021/2022 a, lapli/solèy/van pase sou yo, anviwon 2% fanm, timoun nan abri yo sibi kadejak, vòl, yo sibi pwesyon vèbal fizik nan men Otorite yo pou fòse yo kite abri yo.

- Moun ki deplase yo: Se nan zòn nan savann bò lanmè a, nan mangòv, sou bèj laravin, lilèt, anba galri nan lari, osinon nan lakou oubyen nan espas kay ki detwi, fisire a yo al tabli yo ankò. Zòn sa yo al tabli yo a, se de zòn arisk, ki repwezante gwo danje pou moun k ap viv ladann yo. Deplase yo, anplis toujou, yo nan pwoblèm manje, dòmi, swen sante, enèji. Ak Lapli/solèy/van trakase yo. Ankò, yo ekspose ak tout fòm menas tankou, vyòl, vòl, vyolans fizik. Ki donk deplase yo, toujou rete vilnerab.

Nan sitiyasyon malouk viktим yo retwouve yo la, pa gen kay, pitit yo pa ka ale lekòl, vyòl y ap sibi, men sa sosyete a, ONG, leta, bay moun yo kòm akonpayman :

- Volontè loKal/nasyonal/dyaspòra, yo retire moun anba dekom, mennen moun fraktire osinon blese yo nan lopital. Yo bay medikaman, manje, dlo, kote pou dòmi, pou fè tant, lajan.

- Leta Ayisyen nan nivo Pwotesyon Sivil, Meri, DINEPA, Ministè Travò Piblik Transpò Kominikasyon (MTPTC), Elektrisite Ayiti (EDH). Li retire moun anba dekom, antere mò. Li pwan swen blese yo, mete

abri pou sinistre yo, distribiye dlo. Li repare pon ki detwi, repare sistèm dlo potab, liy eletrik. Li debleye tèren, wout, ranmase fatra. Li idantifye kay ki dwe kraze, ki ka repare, ki pa bezwen repare. Li deplase moun nan kan yo.

- ONG, tankou : Pwogram Alimantè Mondyal (PAM), OIM, FOKAL, AJWS, ITK, CRS, Konpasyon Entènasyonal, ONI HABITA, CORE, AVSI, CESVI, LA CROIX ROUGE, MEDSEN SANS FRONTIERE, Tous Ensemble elatriye. Li distwibiye Kit alimantè, entran agrikòl. Li bay akonpayman sipko sosyal, terapi, mateyèl medikal, kit medikaman, kit ijenik, sanitè. Li Bay lajan, kit alimantè, dlo, pla cho, konstwiksyon shèltè, anga. Li fè distwibisyon tòl, bwa 2x4, pwela. Li finanse bidjè pwogwam leta pou: debleyaj, deplase moun nan abri yo, ak, pou konstwiksyon kèk anga pou lekòl. Epi finanse òganizasyon dwa moun ak medya pou distwibiye lapawòl sou sitiyasyon dwa viktим yo.

- Dirijan yo pa bay chif sou kantite, fanmiy benefisyè, moun ki deplase, ki la nan kan yo toujou, kantite lajan ki disponib ak ki depanse yo.

#### B) Koz

Fòm sipò sa yo la, nou tande dirijan yo bay moun yo la, pou di sa ka retire moun yo nan eta mizè yo ye la ? Epi, 10 mwa apwè, se ta lè rekouvreman. Antouka, reyalite tèren an fè konpwann :

- Leta ak ONG yo, pa reponn pou konstwi kay bay viktим yo ak bay yo sipò lajan pou mennen aktivite ekonomik. Tankou meri nan depatman an se youn nan enstitisyon ki genyen responsabilité sa.



- Pa genyen ¼ viktим yo ki jwenn èd leta ak ONG yo. Okontrè, viktим yo, akize Otorite yo ki pwan èd yo pou zafè pa yo. Nan sans sa, pa genyen youn nan Otorite yo kiko di, men konbyen lajan,
- Mateyèl, osinon gagezon yo te resevwa, men kantite moun ki jwenn èd la, ak tou, men konbyen ki pakò distwibiye, omwen pou yo ta ka soti tèt yo anba akizasyon sa yo.
- Leta ak ONG yo, sa yo bay viktим yo kòm asistans, pa repwezante you gout dlo nan lanmè a, selon bezwen moun yo.
- Leta ak ONG yo pa louvri pou pataje enfòmasyon sou sa y ap regle nan entèvansyon y ap fè yo. Medya yo ak òganizasyon dwa moun, yo menm twouve yo nan difikilte pou pwan randevou ak reskonsab sa yo. Meri Okay la ak OIM se 2 nan yo kòm egzanp.
- Anpil nan ONG yo, entèvansyon yo fè yo pa reyèlman se akoz katastwòf natirèl la. Se de pwogwam yo te gen la deja byen avan twanbleman tè a yo t ap egzekite sou tèren. Tousenpleman yo chanje pwogwam nan non. Tankou sa, se reyalite ONI Habita, PAM, CRS, AVSI,

Tandans vilnerabilite viktим yo, osinon sitiyasyon yo k ap pi anflimen an, se chak jou pi plis sa ap parèt apati you bann lòt faktè nan sosyete a ak nan nati a. Anpwemye, lè nou pwan : Komèsan osinon bizismann yo, k ap pwofite fè plis benefis, kote yo mote pri pwodwi yo ak sèvis yo de sa li te ye avan, depi nan kòmansman katastwòf la vin jodi a. 2 zyèm etap la se avèk rive peyòd siklonik nan, nan mwa jen. Sa vin ban n plis ide sou anplè sitiyasyon an, lè nou tande :

- Viktим yo pwèske pa ka achte anyen sou mache a la ak yo pa anmezi pou peye pri sèvis yo pou koutinye sibsite. Selon sa yo di, ti vè diri a se 50 goud, avan se te 35 goud. You ti bout savon lave se 50 goud, avan se te 25 goud. You ti galon lwil se 1500 goud, avan li te 900 goud. You ti sak siman se 1235 goud, avan se te 750 goud. Epi ankò, you ti chanm kay pou lwe se 50 mil goud, avan se te 30 mil goud. You bwa 2x4 vann 2500 goud, avan se te 1750 goud. You fèy tòl 2500 goud, avan se te 1750 goud elatriye.

Answit pwoblèm vyolans tout kalite viktим yo vin ekspoze ak yo pi rèd nan sosyete a. Tankou, kadejak, bandi k ap bat yo, osinon asasinen yo, pwan tout sa yo posede. Epi peyòd siklonik la ki deja vin jwenn yo nan tout move kondisyon malsite yo ladann nan. Pa egzanp tant yo ladann nan ki pa pare ni lapli ni solèy ni van. Answit kote yo ye bò lanmè, sou bèj rivyè yo, yo pa pwoteje kont inondasyon, mare.

Nan penitans sa, viktим yo ye Jodi a, kote yo bezwen you bwa byen rèd pou yo chita, pou yo ka sòti nan sa yo ye a. Èske leta anti pèp la, pwal panse pou retire 80 mil fanmiy sinistre sa yo, nan soufwans sa yo ye jodi a ?:

- Li klè deja, se dirijan yo nan leta, nan legliz, nan ONG. Ak politisyen raketè, boujwa rapas, anbasadè kolon. Nan fason yo deside mennen bak peyi Ayiti, kote yo mete akote pi fò pèp la, ki lakoz kategori moun sa yo vilnerab nan kondisyon sa. Egzanp pi pwè nou, Komite Entèministeyèl Amenajman Tèritoyal (CIAT) se mwa fevwiye 2022 a la, li vin konstate dega 14 dawou a, sou pèp sid la, li tann 6 mwa apwè. Se meri ak pakè Okay la, k ap debake lajounen kou nannwit nan abwi osinon nan kan yo, bat moun yo pou mete yo deyò san konstwi kay pou yo ale. Se leglis, anbasadè, politisyen raketè k ap apiye ak mete tout

pouvwa sanguinè reyaksonè sou do pèp la. Ak tou, legliz k ap bay pèp la pawòl pou fè yo dòmi, tankou, li dwe respekte tout otorite yo,

- paske se bondye ki mete yo, answit remèt tout bagay bay bondye, ave ap deside pou yo.

- O P E nan kad travay sa, li vizite pwèské tout 20 komin yo nan depatman sid la, pandan 2 repriz : Youn se te septanm 2021 ak lòt se te mwa fevwiye 2022. Nan ka sa tout dirijan konsène nou te rankontre tankou majistra, kazèk yo di, pouvwa santral dwe yo nenpòt 24 mwa ayere salè, gade byen si w kwè gen you bagay yo kapab fè pou viktим yo. Se pwèské menm reyalite a pou Otorite Pwoteksyon Sivil ki di w, leta santral pa ankadre yo, yo pa gen anyen pwèské nan men yo pou fonksyon, kisa ou panse yo ka fè nan sitiyasyon konsa. Apati de ekwasyon sa ki devan nou la, sa ta vle di, viktium sa yo pa enpòtan pou tout zotobre sa yo ki se mèt peyi a. Sa se you kalkil ki senp, si viktим yo gen bezwen soti, se yo ki pou degaje yo pou kont pa yo.

Nan sa k ap pase sou non respè dwa moun yo, nan mòd kalite jesyon dirijan yo ap fè sou katastwof 14 dawou a, apwè 10 mwa sa genyen, men kouman Viktim ak UFADECH wè fason dirijan yo ap entèveni la ki jan sa pa chita sou valè dwa viktим yo.

- Jèn gason Jasmin Miscadin k ap viv nan kan ki nan pak kay Lako akize Pakè Okay la ansanm ak lapolis ki te arète li nan mwa pase yo pou vòlè osinon bandi san pwouve sa li fè ki fè yo lage etikèt vòlè ak bandi sou do li. Epi, chèf yo pwan 80 mil goud li san yo pa remèt li. Pou Jasmin sa otorite yo fè li a, se zak ki chita sou diskriminasyon, yo jije li sou paske I ap viv nan kan ak li nan eta vilnerab.

- Jean Bélas Bénissel, repwezantan UFADECH denonse Leta ak ONG yo ki pa trete viktим 14 dawou yo nan respè ak diyite, nan mòd asistans ak entèvansyon y ap fè pou akonpaye moun yo. Li fè konnen toujou dirijan yo meprize deklarasyon 10 desanm tèks inivèsèl dwa moun ak konstitisyon 1987 Ayisyen an ki egzije Otorite yo pou ede viktим yo travèse moman difisil yo ladann nan. Konsa li mande pou sosyete a leve kanpe pou fòse leta pwan anchay viktим twableman tè 14 dawou 2021 sid la.

Repons sosyete a te dwe deja bay apwè 10 mwa twanblemente 14 dawou 2021 a, ki pa rive bay jis kounye a :

- Leta te dwe anmezi pou li bay moun kay ki konstwi nan zòn pwoteje pou yo viv ak bay yo lajan pou mennen aktivite ekonomik pou yo pwan swen tèt yo. Tout, se pou ede moun yo sòti nan kriz ak redwi nivo vilnerabilite yo.

### C) Pwoteksyon:

Viktим yo, pa pitimi sangadò, gen lalwa ki pwoteje yo, anmenm tan ki di ,men sa sosyete a dwe fè, pou viktим yo retounen nan lavi nòmal. Lè nou pwan kòm referans:

- Tèks entènasyonal relativ sou dwa asistans viktим katastwòf natirèl yo dwe jwenn bò kote leta yo, kote leta ayisyen siyen, vote li. Ak obligasyon konstitisyon Ayisyen an 1987 fè leta Ayiti a nan sans sa tou.

### 3) KONKLIZYON :

10 mwa apwè, kalite tretman, akonpayman yo, sosyete a plis leta bay viktim twanbleman tè 14 dawou 2021 yo. Sa pa ede yo sòti nan kriz yo ye a. Ak tou yo pa konnen si y ap remonte pant nan. Nan fason entèvansyon yo ap fèt la, yo pa retwouve bonè ladann, yo santi yo imilye, yo izole. Nan sans sa, Obsèvatwa Pou Egalite ( O P E ) egzije :

- Nan non lalwa, ak, selon reyalite a, pou dirijan leta yo, retire viktim twanbleman tè 14 dawou yo, nan kriz mizè yo ye a depi lè katastwòf la fin pase a vin 10 mwa apwè. Ak tou n ap mande sosyete sivil la, kontinye kenbe pwesyon sou otorite yo, pou fosè yo fè sa lalwa egzije yo, pou akonpaye viktim yo nan tout diyite.

- Tout fwa Otorite yo, refize satisfè bezwen viktim yo nan sans sa, se pou sosyete a kanpe doubout, pou anvizaje dirijan ki kapab, ki angaje nan koz pòv yo, nan plas dirijan reyaksonè yo. Ak nan pèspektiv pi devan, pou chavire leta kont malere/malerèz la.

**Jean Claudio Aristil**

Kowòdonatè OPE